## 1. BANGSAT.

Wantji isa 'Pa Roesdi djeung anak boedjona kakara datang ti kebon, tas ngurali boewi.

Sanggeus boewina diampihkeun di goweh, gèk marapèhanana darijoek di tengah imah, ngareureunan tjapè bari ngarijoeng boeboej sampeu. Roesdi djeung Misnem sorè-sorè geus ka areuggon, harèès. Kira-kira poekoel salapan, doeg kolot-kolotna ogè marondok, da tjarapèeun tas ti kebon tèja. Poekoel sapoeloeh di imah Roesdi geus djempè, sarèrèja marondokna talibra.

Harita di pipir imah aja djelema koeloentang-koelinting ngadago djempèna. Noe kitoe tangtoe lain djelema bageur, geus tangtoe noe rèk nijat gorèng.

Bareng koe èta djelema tèja kadèngèeun geus djempè, malah Roesdi geus kadèngè kèrèk soegar-segor, èta bangsat njoba rèk asoep ka imah Roesdi. Mimiti panto toekang djeung hareup disoeroeng-soeroeng, tapi parageuh, da ditoelakan; geus kitoe manèhna njoba metot djandèla, èta ogè pageuh, ditoelakan djeung ditalian. Koe sabab èta taja lijan pikiran bangsat tèh, ngan kadjaba koedoe ngabongkar bilik.

Sanggeus manèhna mikir kitoe, toeloej njaboet pèsona, ngamimitian noerihan bilik, keur baris djalan asoep ka djero imah.

Waktoe bangsat tèja koeroetak-keretèk, 'Pa Roesdi ongkoh² baè sasarèan, soemawonna baroedak mah, teu kadèngè koelisik² atjan, ngan kèrèkna baè, ting salegor kawas gelap anakna.

Bilik beunang noerib tèja geus gorowong, kira asoep awak bangsat tèja ka djero imah, toeloej koe manèhna ditjoba-tjoba èta lawang, diasoepan kalapa sagedé hoeloe, digoganggon.

Kabeneran harita 'Pa Roesdi njaring. Barang beunta, bèh katèndjo aja noe elangang euleungeung; ari diteges-keun sidik pisan siga hoeloe djelema. 'Pa Roesdi teu salah deui sangkaanana, tangtoe èta tèh bangsat.



Djoeng manèhna tjeungkat lalaoenan, ngarongkong go-bangna; toeloej leumpang ngadodoho noe euleungeungan tèja. Barang geus kira-kira kabontal, keljèk koe 'Pa Roesdi dikadèk, bari ngomong: „Hag sija modar, hoeloena mah beulah." Ari disidik-sidik bet kalapa èta tèh, ari bangsatna mah geus loempat, sorana dodorokdokan, ngadoepak pager.

'Pa Roesdi toeloej toeroen ti imahna, bari gegeroan ménta toeloeng ka tatanggana: „Toeloeng! toeloeng! toe-loeng! bangsat! bangsat!" Tatanggana rahoel njalampeurkeun bari marawa pakarang.

Roesdi djeung Misnem ogè barita baroedang bari ngadarègdèg, darijoek di tengah imah, ngaromong tingharèwos, da sijeuneun bangsat tèja.

---

## 2. BANGSAT KATÈWAK.

'Pa Roesdi djeung batoerna tatangga tèja tingberebet maregat èta bangsat; aja noe ngadjaga di lawang pager, aja noe njaksrak di noe bala, djeung saweréh deui narempoan di kolong-kolong imah.

Obor tingaratjoeng, tjaang kawas ti beurang baè.

„Ah, soegan lain bangsat, noen," omong djelema tèh, „da geuning teu aja, kapan ijeu panto pager meundeut kènèh, toelakna masih pageuh; pager teu aja noe roeksak."

„Pirakoe lain bangsat," tèmbal 'Pa Roesdi, „apan itoe bilik geus gorowong tapak noerihan."

„Euleuh-euleuh! enja baè ijeu," omong djelema² tèh. „Tjik atoeh bejoe oerang saksrak, da tèja batoer, pèk njarokot deui oborna noe gedè."

Na' ka mana djorna si bangsat tèh, bet bisa² teuing njoempoet nepi ka teu kapanggih koe djelema sakijeu rèjana.

Èta bangsat tèja tangtoe hèsè ditèjanganana, taksiran nadjan nepi ka isoek ogè mowal kapanggih, da njoempoetna lain di handap², manèhna ngadedempès dina tangkal ramboetan.

Ari djelema² tèja narèjanganana, narempoanana, ngan di handap baè.

Tapi saanadjan èta bangsat tèja sakitoe hoeni njoempoetna, ari geus takdirna koedoe katangkep mah, nja tangtoe katangkep baè.

Dahan ramboetan noe dipakè dijoek koe bangsat tèja

bel kabeneran geus bobo, atoeh ngadak² baè ngadorokdok peunggas, wanèhna katoer kabawa.

Djelema² noe marawa obor, kabèh ngaboeroe ka noe ngadorokdok tèja. Bareng gok ka dinja, bet aja noe loempat ngabetjir, hareboet diaroedag, diparegat; atoeh sina djelema sakitoe rèjana noe ngaroedag, teu bisa loempat. djaueh si bangsat tèh, da ka dijeu kapegat ka ditoe



kapegat. Toengtoengna kek katarèwak, bek pada nareunggeulan, geus ngoeeloepoeng baè, gegeroengan sisi peget.

Ommong 'Pa Roesdi: „Enggeus, euj, oelah dipergasa teuing, sakitoe ogè geus sedeng ngawarah mah, pèk baè giringkeun, oerang laporkeun ka dèsa."

Djoeng eta bangsat ditoengtoen bari diiringkeun koe poeloeh² djelema, marawa obor. Toeloej disèrènkeun ka poelisi dèsa. Saenggeus bèrès dipasrahkeunana, broel djelema² tèh baralik harèès deui.

## 3. MISNEM NOENGGELIS.

Oenggal isoek, soeboeh², Roesdi geus boedang, sabab koedoe ka sakola. Tara pisan manèhna kabeurangan.

Ari Misnem mah tjitjing baè sorangan di imah. Moeng-goeh pikirna panteg hajang miloe ka sakola, tapi koemaha da boedak kènèh. Soegan taoen hareup bisa asoep.

Oenggal isoek Misnem sok nganteurkeun Roesdi nepi ka sisi lemboer. Sapandjang djalan Roesdi sok njaritakeun naon² noe diadjarkeun di sakola. Sakapeung sok mang-dongèngkeun ogè ka Misnem.

Aon balik deui Misnem tèh sok semoe ngoejoeng, sabab euweuh batoer oelin. Toeloej baè ka pipir, maraban si Djaloe; Si Pintjang noetoerkeun pandeuri. Geus kitoe, toeloej sasapoe di boeroean, djeung marabau hajam.

Si Djaloe kagèt, lamoen nèndjo Misnem tèh, sabab sok ngan sorangan baè, tara djeung Oedjang Gembroe. Tapi lila² mah ngartieun, jèn Roesdi, isoek² taja tèmpo keur marabau sobat-sobatna.

Lamoen indoengna keur ngagentakkeun tinoenan, Misnem koedoe bèbèrès di imah. Bisa pisan bèbèrèsna tèh sarta getol. Njakitoe deui di pawon sok ngabantoean koekoem-bah, miroen seuneu, djeung lamoen keur waktoe olah, njiksikan sambara, maroed djeung rèja-rèja deui.

Ah, èstoe boedak singer, getol, boeboeroeboen pisan Misnem tèh, boeboeahan anak patanèn.

Matak koetjoe, nja, baroedak! Harajang boga doeloer tjara kitoe?

Ngan aja saroepa, noe tara dibantoean koe Misnem tèh, noetoe.

Tjing, saha noe inget kènèh naon sababna? Kapan sijeuneun kaketrok haloe deui, lain?

Ari keueungna mah pohara Misnem tèh, pèdah euweuh

Roesdi. Tapi lila² kabrangbrangkeun ogè koe loba gawè. Lamoen geus rèngsè tina gawè, toeloej ngadon oelin ka boedak awèwè tatangga, atawa diadjak ka imahna. Hèg aroelin bandapeun tangkal djamboe anoe ijoeh; aja dadagangan, koekoewèhan, andjang-andjangan, atawa naon baè.

Angot lamoen indoengna popolah mah, sok habadjatan baroedak tèh. Misnem gawèna ngan tjiling-tjingtjat baè ka dapoer mèntaan kaolahan tina saroepa-saroepana,



saeutik², pokna „ngasaan." Ari kèdjona, kèdjo powè. Hèg dibawa ka tepas bareup, diwadahan dina tètènong leutik. Di dinja geus njampak ondangan, pèk sisihan tèh diambeungkeun koe Misnem, toeloej ngarijoeng. Entjoh anoe ngadowa, baroedak noe sèdjèn njareboet „hamin."

Geus kitoe, pèk dalahar. Tah kitoe kaoelinan Misnem waktoe lantjeukna di sakola tèh.

## 4. KOEKOEWÈHAN.

Dina hidji powè, sanggeus bèrès pagawéan, imah geus beresih, boeroean geus koning, sobat² geus diparaban Misnem toeloej oelin djeung batoer-batoerna si Sanijem si Entjoh, si Enoer, di handapeun djamboe.

„Oelin naon ajeuna tèh, Inem?" tjèk Entjoh.

„Oerang koekoewèhan," tjèk Misnem.

„Enja," tjèk Enoer, „pèk atoeh geura njiktjrik taneuh ngeboe na."

Pèk baroedak tèh njariktjrik, taneuhna diwadahan kana batok boeloe. Toeloej ditinjoeh koe tjai saria hèg digoeis. Tina batok ditjolèkan dientjlè-entjlè dina taneuh noe panas, diroepakeun tjara koewèh. Sanggeus taroeeus koewèhna, hèg diwadahan dina tjètjèmpèh leutik.

„Ajeuna koedoe aja noe dagangna," tjèk Misnem.

„Saha atoeh?" tèmbal noe sèdjèn.

„Hih, keun baè koering," tjèk Entjoh, „noe dagangna mah."

„Hèg atoeh!" tjèk batoerna, bari toeloej laloempatan nèjangan doedoewitan beling djeung tjangkang haremis.

Teu koengsi lila Misnem geus balik deui, bari pok ngomong: „Mèsèr koewèh boloe, noen, doewa doewit."

„Har! aja koewèh boloe doewa doewit," tjèk noe dagang, „kapan ijeu tèh makè mantèga djeung soesoe."

Keur kitoe, djol Sanijem datang tèh baiandja, mawa doewit saradjoet.

„Mèsèr gegeplak, noen, saharoe," tjèk Sanijem.

„Hih! tida eda gegeplak di dijeu mah, ada ogè koewèh parekoek, aja Inem?"

„Har! paranti nekoek naon?" tjèk Sanijem bari seuri. „Sabaraha hargana? Tjik mèsèr hidji, noen."

„Doewa doewit." tjèk Endjoh bari ngasongkeun taka-wĕngkar sasĕuplĕk.

„Euleuh", paingan ngaranna ogè panekoek, da teuas," tjèk Sanijem, bari seuri.

Kitoe baè baroedak teu araculinan nepi ka beurang.

Teu lila djol Roesdi datang ti sakola, dibendo wedĕng-



krèng, dibadjoe potongan, disamping batik. Lamoen teu ngĕlĕk sabak mah, blĕg baè iboe parè.

Misnem loempat mapagkeun ka Roesdi. Sabakna geuwat ditjokot bari ditèndjoan beubeunangan Roesdi noelis tèh. Baroedak noe sĕdjĕn baralik ka imah-imahna, ari Roesdi toeloej ka dapoer mĕnta kèdju ka emana.

## 5. NOE DJADJALOEK.

Powè Minggoe, isoek-isoek, sabada Roesdi oelin, toeloej darijoek djeung si Misnem, areuleun di tepas harĕup. Ti kadjaoehan rentang-rentang aja aki-aki bongkok, pape-

keamena roebag-rabig, ditoengtoen-toengtoen koe boedak lentik. Oenggal-oenggal harepeun imah, aki-aki téja gog nagog bari njoeling. Ari geus dibèrè naon-naon, djoeng deui indit, pindah deui ka imah sèdjèn.

Kitoe baè dipapaj saimah-saimah sarta teu lila djol ka hoeroean imah Roesdi. Gèk aki-aki tèh dijoek bari ngomong: „Poentën noen, 'patin, koering sadia moesapir." Sanggeus ngomong kitoe toeloej njoeling.



„Euleuh! karoenja temen," tjeuk Roesdi, „aki-aki, nja koeroe, toengeg-toengeg lolong pisan."

„Enja baè," tèmbal Misnem.

Sanggeus njoeling, ditanja koe Roesdi: „Aki tèh oerang mana?"

„Djaoeh, noen, imah koering mah," tèmbal noe djadjaloek.

„Ari èta boedak tèh intjoe, aki?"

„Soemoehoen, noen, boedak pahatoe. Aki njakitoe kènèh

teu indoeng, teu bapa, teu baraja² atjan ngan tinggal ijeu baè intjoe hidji. Lamoen teu djadjaloek, koering tèh paèh langlajeuseun, noen."

„Adoeh, matak karoenja temen, aki!" tjeuk Roesdi tèh, „hong tjitjing heula ijeu di noe ijoeh, oelah mangkeun manèh, bisi gering."

„Misnem! tjik mènta doewit ka ema sasèn, keur mèrè noe moesapir, karoenja."

Si Misnem boeroe-boeroe loempat ka indoengna, mènta doewit djeung kahakanan.

Teu lila djol si Misnem datang deui, mawa doewit sasèn djeung kadjo saboengkoes.

„Hèh ijeu, aki!" tjeuk Roesdi, „kaoela hadjat, doakeun baè, koela sakola sing tèrèh pinter."

„Insa Allah," tèmbal noe djadjaloek tèh, bari toeloej ngadoa salamet. Sanggeus ngadowa, djoeng deui indit, mapaj imah noe sèdjèn.

Roesdi djeung Misnem gèk darijoek deui di tepas hareup, bari nèndjokeun noe djadjaloek tèju.

„Euleuh, matak karoenja, nja Oedi," tjeuk Misnem. „Bapa djeung ema ogè meureun djadjaloek ari geus karolot mah, nja?"

„Hih! mowal enja djadjaloek," tèmbal Roesdi, „kapan bapa oerang mah beunghar, mowal enja kakoerangan dahareun, pakèeun. Noe sok djadjaloek sotèh ari noe miskin, lain oenggal aki-aki koedoe djadjaloek."

„Euh! soegan tèh oenggal aki-aki koedoe djadjaloek," tèmbal Misnem. „Neha, lamoen bapa geus kolot, beunghar kènèh, Oedi?"

„Ah, njao teuing; oerang tanjakeun baè ka bapa."

Toeloej baroedak tèh asoep ka imah.